



# **KONNEN DWA OU YO**

***Yon Gid sou Dwa W Yo Lè W ap Kominike  
avèk Otorite Ranfòsman Lwa***

# Konnen Dwa Ou yo

## Yon Gid sou Dwa w Yo Lè W ap Kominike avèk Otorite Ranfòsman Lwa

OU GENYEN DWA kèlkeswa estati imigrasyon w. Ou kapab sou risk pou yo depòte w si ou pa genyen dokiman, si w pa yon sitwayen ameriken epi ki te gen dosye kriminel, si w sou liberasyon kondisyonèl oswa genyen yon òd depòtasyon anvan. Pou pwoteje tèt ou, fanmi w ak kominote w, ou dwe KONNEN DWA W YO. Know-Your-Rights-korean-Version

Konesans se pouvwa. Aji KOUNYE A. Pa rete tann. Prepare w.

Gid sa a genyen la dan li:

- Sa w bezwen konnen epi kisa pou w fè lè w kontre avèk ajan imigrasyon, polis oswa FBI nan kote diferan.
- Enfòmasyon sou jan pou li yon manda
- Douz bagay pou oumenm ak fanmi w dwe sonje nan KÈLKESWA sitiyasyon
- Lis Kontwòl Plan Ijans ou
- Kaye lis Enfòmasyon Kontak Ijans ou
- Plan w sou kisa pou w fè si yon moun ou rele w depi nan yon sant detansyon imigrasyon oswa nan yon pòs polis
- Lis Plan Ijans nan Travay ou

*Enfòmasyon sa a fèt kòm yon gid pou sèvi piblik la an jeneral. Pou sèvis legal pou sitiyasyon ki konsène w, konsilte yon avoka oswa yon reprezantan imigrasyon otorize. Gade nan sitwèb [cliniclegal.org/directory](https://www.cliniclegal.org/directory) w ap wè yon lis KLINIK afilye yo ki bay reprezantasyon nan imigrasyon a ba pri.*




# KI KOTE: La kay ou

## Kisa ou bezwen konnen:

- Pou rantre lakay ou, ofisye imigrasyon yo oswa polis bezwen oswa 1) yon manda valab yon jij oswa yon majistra te siyen, oswa 2) pèmasyon w.
- PA LOUVRI PÒT LA. Lè w louvri pòt la sa ka vle di ou bay ofisye yo pèmasyon pou rantre lakay ou.
- A Yon manda PA vle di ou dwe reponn kesyon yo.
- Si ofisye imigrasyon yo oswa polis la ap kesyone w epi ou vle gade silans, di sa byen fò ou vle gade silans oswa montre ofisyèl yo kat Konesans Sou Dwa W yo.

## Kisa pou ou fè:



# Li yon Manda

## Kòman pou li yon manda

- Ofisye yo ka rantre sèlman nan kay oswa nan travay ou avèk 1) yon manda VALAB, oswa 2) pèmisyon woubyen pèmisyon patwon w. (Valab vle di yon manda ki gen otorite epi ke dwa respekte.)
- Pou yon manda valab, li dwe genyen kèk enfòmasyon.
- Anba a, tanpri gade egzanp diferan tip de manda ak enfòmasyon yo dwe genyen pou yo valab.
- Manda yo ka parèt diferan nan eta ak zòn kote ou ye a. Sa vle di enfòmasyon obligatwa sa a pou fè manda a valab la kapab parèt nan lòd diferan oswa parèt diferan nan egzanp anba a.
- Si ofisye yo pa gen pèmisyon pou rantre epi yo pa genyen yon manda oswa yon manda ki valab, se dwa w pou w mande yo po yo ale!

## Manda fouy

Yon manda fouy ki valab:

- Dwe gen siyati yon jij, jijdepè oswa yon majistra.
- Dwe make ki adrès pou yo fouye a.
- Dwe make an detay ki kote pou yo fouye a. Nan kèk ka, manda fouy yo ka genyen anpil paj ki dekri lokasyon pou yo fouye a.
- Gade pou lòt enfòmasyon ki ta ka fè manda a pa valab, tankou si dat la pa kòrèk.
- Si ofisye a pa genyen yon manda ki valab, ou ka di, “Sa se pa yon manda ki valab. Ou pa ka rantre. Tanpri ale.”
- Si ofisye a genyen yon manda valab, ou dwe pèmèt yo rantre nan kay ou. Lè yo rantre, di, “mwen pa konsanti ak fouy sa a.” Sa ta dwe limite kote yo pèmèt pou fouye.
- Obsève ki kote ofisye yo fouye. Obsève si fouye kote ki pa make nan manda a. Repete ou pa konsanti ak fouy la. Si yon ofisye pran nenpòt nan pwopriyete w, mande pou yo ba w yon resi.

SW No. \_\_\_\_\_

STATE OF CALIFORNIA - COUNTY OF LOS ANGELES  
SEARCH WARRANT AND AFFIDAVIT  
(AFFIDAVIT)

\_\_\_\_\_, swears under oath that the facts expressed by her in this Search Warrant and Affidavit and in the attached and incorporated statement of probable cause are true and that based thereon she has probable cause to believe and does believe that the property and/or person described below is lawfully seizable pursuant to Penal Code Section 1524, as indicated below, and is now located at the locations set forth below. Wherefore, affiant requests that this Search Warrant be issued.

\_\_\_\_\_, NIGHT SEARCH REQUESTED: YES [ ] NO [X]  
HOBBES SEALING REQUESTED: YES [ ] NO [ ]

(SEARCH WARRANT)

THE PEOPLE OF THE STATE OF CALIFORNIA TO ANY SHERIFF, POLICE OFFICER OR PEACE OFFICER IN THE COUNTY OF LOS ANGELES: proof by affidavit having been made before me by \_\_\_\_\_, that there is probable cause to believe that the property and/or person described herein may be found at the locations set forth herein and is lawfully seizable pursuant to Penal Code Section 1524 as indicated by "X"(s) in that:

It was stolen or embezzled.  
 It was used as the means of committing a felony.  
 It is possessed by a person with the intent to use it as means of committing a public offense or is possessed by another to whom he or she may have delivered it for the purpose of concealing it or preventing its discovery.  
 It tends to show that a felony has been committed or that a particular person has committed a felony.  
 It tends to show that sexual exploitation of a child, in violation of P.C. Section 311.3, or depiction of sexual conduct of a person under the age of 18 years, in violation of Section 311.11, has occurred or is occurring.  
 there is a warrant for the person's arrest;

YOU ARE THEREFORE COMMANDED TO SEARCH:  
(See the attached description page 1 through 12 incorporated herein)

FOR THE FOLLOWING PROPERTY/PERSON:  
(See the attached description page 1 through 12 incorporated herein)

AND TO SEIZE IT IF FOUND and bring it forthwith before me, or this court, at the courthouse of this court.  
This Search Warrant and incorporated Affidavit was sworn to as true and subscribed before me this 1st day of AUGUST, 2011, at 3:59 AM. Wherefore, I find probable cause for the issuance of this Search Warrant and do issue it.

\_\_\_\_\_, NIGHT SEARCH APPROVED: YES [ ] NO [X]

Judge of the Superior Court, LOS ANGELES, CENTRAL Judicial District

## Arrest warrant

A valid search warrant:

- Dwe gen siyati yon jij, jijdepè oswa yon majistra
- Dwe gen non mou nan pou yo arete a.
- Dwe gen deskripsyon moun nan pou yo arete a.
- Gade pou lòt enfòmasyon ki ta ka fè manda a pa valab, tankou si dat la pa kòrèk.
- Si ofisyè a pa genyen yon manda ki valab, ou ka di, "Sa se pa yon manda ki valab. Ou pa ka rantre. Tanpri ale."
- Si ofisyè a genyen yon manda darè valab epi moun ki sou manda a la, moun sa a ta dwe ale deyò pou rankontre ak ofisyè a. Fèmen pòt la lè w fin soti. Si moun ki sou manda a pa la, di ofisyè a moun nan pa la, epi pa louvri pòt la.

WARRANT OF ARREST - C.P.F. No. 15.01 - 15.02

IN JUSTICE COURT,  
PRECINCT No. 3  
of Williamson County

**WARRANT OF ARREST**  
Cause No. 025W-14

Bond Amount \$ 20,000.00  
Fine & Cost Amount \$ \_\_\_\_\_  
Warrant Fee \$ \_\_\_\_\_  
Total \$ \_\_\_\_\_

**THE STATE OF TEXAS**  
VS.  
[REDACTED]

Address [REDACTED] City [REDACTED] State TX ZIP [REDACTED]  
DOB [REDACTED] D.L. State TX D.L. # [REDACTED]  
D.L. Expires none Social Security # [REDACTED] Other ID Infc. \_\_\_\_\_  
Race White Sex Male Height [REDACTED] Weight [REDACTED] Hair Brown Eyes Brown

**THE STATE OF TEXAS**  
To any PEACE OFFICER of the State of Texas Greeting:  
YOU ARE HEREBY COMMANDED to arrest [REDACTED] if he be found in the State of Texas, and bring him before me, a Justice of the Peace in and for Precinct No. 3 Of Williamson County, Texas, at my office in Georgetown in said County immediately, to answer to the STATE OF TEXAS for an offense against the laws of said State to-wit: Manufacture or Delivery of a Controlled Substance in Penalty Group 1 less than 1 gram, to wit: Methamphetamine, HSC 481.112 (State Jail Felony) on or about August 1<sup>st</sup>, 2014 of which offense [REDACTED] is accused by the written complaint, under oath of [REDACTED] filed before me.  
Herein Fail Not, but of this writ make due return, showing how you have executed the same.  
Witness my official signature this 4th day of Nov, A.D. 2014

[REDACTED] Justice of the Peace,  
W.C.S.O. Case # [REDACTED] Precinct No. 3 Williamson County, Texas.

**PEACE OFFICER RETURN**  
Came to hand the Se day of December, A.D. 2014 at 02:00 o'clock A. M., and executed on the Se day of December, A.D. 2014 at 02:00 o'clock A. M., by arresting the said Defendant at [REDACTED] in Williamson County, Texas, and \* taking \_\_\_\_\_ bond, which is herewith returned; \* placing him/her in the County jail of Williamson County, Texas. (\* Erase according to the facts.)  
I actually and necessarily traveled \_\_\_\_\_ miles in the service of this Writ, in addition to any other mileage I may have traveled in the service of other process in this cause during the same trip.

FEES - Executing/Processing Arrest Fee	\$ _____	[REDACTED] Sheriff
Mileage _____ Miles	\$ _____	[REDACTED] Williamson County, Texas
Making Bond _____	\$ _____	[REDACTED] Peace Officer
Commitment _____	\$ _____	[REDACTED]
Release _____	\$ _____	[REDACTED]
Total _____	\$ _____	(Law Enforcement Agency / Department)

## A Manda pou retire w/ depòtasyon (madan imigrasyon)

- Yon manda pou retire w oswa depòtasyon (yon manda imigrasyon) PA bay yon ofisyè dwa pou rantre nan kay ou. Di konsa."Ou pa gen dwa pou rantre avèk manda sa a. Tanpri ale."

U.S. Department of Justice  
Immigration and Naturalization Service

**Warrant of Removal/Deportation**

File No: \_\_\_\_\_  
Date: \_\_\_\_\_

To any officer of the United States Immigration and Naturalization Service:

\_\_\_\_\_ (full name of alien)  
who entered the United States at \_\_\_\_\_ (Place of entry) on \_\_\_\_\_ (Date of entry)

is subject to removal/deportation from the United States, based upon a final order by:


an immigration judge in exclusion, deportation, or removal proceedings  
 a district director or a district director's designated official  
 the Board of Immigration Appeals  
 a United States District or Magistrate Court Judge

and pursuant to the following provisions of the Immigration and Nationality Act:  
Section 241(a)(5) of the Immigration and Nationality Act(Act), as amended.

I, the undersigned officer of the United States, by virtue of the power and authority vested in the Attorney General under the laws of the United States and by his or her direction, command you to take into custody and remove from the United States the above-named alien, pursuant to law, at the expense of the appropriation. "Salaries and Expenses Immigration and Naturalization Service 2002," including the expense of an attendant if necessary.

\_\_\_\_\_  
(Signature of INS official)  
\_\_\_\_\_  
(Print name of INS official)  
\_\_\_\_\_  
(Date and office location)

Form I-205 (Rev. 4-1-97)




# KI KOTE: Nan lari oswa yon espas piblik

## Ki sa bezwen konnen:

- Pa kouri si w wè ofisye imigrasyon oswa lapolis ap vini sou ou.
- Si yo kanpe w nan lari oswa nan yon espas piblik, ou gen dwa pou gade silans epi pou pa reponn kesyon.
- Nan kèk eta, lwa a di ou dwe di polis la non w si yo mande. Gade plan ijans lan nan pa 14 pou plis enfòmasyon epi pou fè yon plan ki pi bon pou ou.
- An jeneral, yon ofisye bezwen yon manda pou arete w. Nan kèk sitiyasyon you kapab arete w si ofisye a genyen prèv ou pa genyen estati legal oswa si w te komèt yon krim.
- Nan kèk sitiyasyon, ofisye a gen dwa pou fouye w pou garanti ou pa genyen zam oswa materyèl ilegal sou ou. Pa fè rezistans oswa goumen.
- Si w nan yon ayewopò oswa pre fwontyè Etazini, yo kapab kesyone oswa kenbe w san yon manda. Ou toujou genyen dwa pou gade silans.
- Anvan, ofisye imigrasyon pat konn rete oswa kenbe moun nan kèk espas piblik, tankou lekòl, lopital, legliz, antèman, maryaj, seremoni relijye piblik oswa manifestasyon piblik (yon mach, manifestasyon oswa posesyon). Sa ka chanje nan lavni. Epitou, sonje yo kapab kanpe w nan wout pou ale oswa soti nan espas sa yo.

## Ki sa pou fè:





## KI KOTE: Nan travay ou

### Kisa ou bezwen konnen:

- To Pou rantre nan travay ou, ofisye imigrasyon oswa lapolis bezwen oswa 1) yon manda valab, oubyen 2) pèmasyon patwon w employer.
- Pa kouri. Si w kouri, sa ka lakòz yo arete w oswa kenbe w.
- Yon manda PA vle di ou dwe reponn kesyon.
- Si ofisye imigrasyon yo oswa lapolis ap kesyone w epi ou vle gade silans, di sa byen fò ou vle gade silans oswa montre ofisye yo kat ou Konesans sou Dwa w Yo.
- Asire w pou w ranpli lis plan ijans lan nan paj 18.

### Kisa pou fè:

#### Etap 1

Asire w ou genyen yon plan ijans anplas avèk yon kolèg ou an ka ta genyen yon debakman nan travay la.

#### Etap 2

Si patwon w pa prezan oswa si patwon w te bay ofisye yo pèmasyon pou yo rantre, fè moun nan ou te chwazi pou pale avèk ofisye yo ki debake yo MANDE POU IDANTIFIKASYON.

#### Etap 3

Moun nan ta dwe li manda a avèk prekosyon epi pou detèmine si li valab, Sonje, ofisye yo ka eseye twonpe w, entimide w oswa fè w pè.

#### Etap 4

Si ofisye yo rantre nan travay ou ou genyen dwa pou gade silans. Pa bay okenn enfòmasyon sou estati imigrasyon w, kote w te fèt, oswa kòman /kilè ou te rantre Ozetazini. Pa montre okenn dokiman peyi w. Di sa byen fò si w vle gade silans oswa montre ofisye a kat Konesans sou Dwa w Yo.

#### Etap 5

Si ofisye a fouye w, arete w oswa kenbe w, rete kalm, pa fè rezistans oswa goumen. Si yo fouye w, di, "Mwen pa konsanti fouy sa a".




## KI KOTE: Nan Machin ou

### Kisa ou bezwen konnen:

- Lwa yo aplike diferan lè yo rete w nan machin ou oswa lè yo rete w nan lari.
- Si yo rete w nan yon pòs bò fwontyè, ofisye yo ka fouye machin ou.

### Kisa pou fè:









## KI KOTE: Nan men polis/an gadavou

### Kisa ou dwe konnen:

- Arestasyon, akizasyon ak konviksyon kapab afekte estati imigrasyon w.
- Si w sou risk pou depòtasyon, ou ta dwe evite kontak avèk lapolis.
- Ou gen dwa pou fè yon koutfil telefòn.
- Ou gen dwa pou gade silans. Paske yo arete w oswa an gadavou nan men polis, sa pa vle di ou dwe reponn kesyon.
- Ou gen dwa pou pale avèk yon avoka. Ou ta dwe fè demann pou yon avoka epi yo ap ba w youn.
- Ou gen dwa pou refize siyen nenpòt papye anvan w pale avèk avoka w.
- Ou pa ta dwe diskite enfòmasyon sou estati imigrasyon avèk OKENN MOUN apa de avoka w pandan w nan men lapolis. Tankou kote w te fèt, kouman /kilè ou te vini Ozetazini oswa nenpòt dosye kriminèl ou. Di sa byen fò, ou vle gade silans oswa montre kat Ou Konnen Dwa w.
- Nan kèk ka, lapolis ka kontakte imigrasyon oswa remèt ou bay imigrasyon. Se sak fè ou pa dwe diskite enfòmasyon sou estati imigrasyon w avèk OKENN MOUN apa de avoka w.
- Ou dwe pale avoka w sou estati imigrasyon w ak dosye kriminèl ou.

### Kisa pou fè:






## KIKOTE: Nan yon sant detansyon imigrasyon






### Kisa ou dwe konnen:

- Ou gen dwa pou fè yon koutfil telefòn.
- Ou gen dwa pou rele konsila w.
- Ou gen dwa pou gade silans. Paskè w an gadavou pa vle di ou dwe reponn kesyon.
- Ou gen dwa pale avèk yon avoka oswa yon reprezantan otorize. Ou menm oswa yon manm fanmi w dwe kontakte avoka a oswa reprezantan otorize a. Se pa yon bagay y ap ba w otomatikman.
- Ou gen dwa pou refize siyen nenpòt papye anvan w pale avèk avoka w oswa reprezantan otorize w.
- Lè w pale avèk yon avoka oswa reprezantan otorize, li enpòtan pou w eksplike yo tout anyen arestasyon oswa dosye kriminèl menm si yon moun te di w yo te efase nan dosye w.
- Yon moun ki sou risk depòtasyon pa ta dwe janm al vizite yon sant detansyon oswa volontèman kominike avèk ofisye imigrasyon.

### Kisa pou fè:



# Douz bagay pou ou menm ak fanmi w sonje nan NENPÒT sitiyaasyon

<p><b>1</b> Nenpòt sa w di kapab sèvi kont ou</p>	<p><b>3</b></p> <p>Si w vle gade silans, di sa byen fò oswa montre kat Konesans Sou Dwa w yo.</p> <p>Get one on page 13!</p> 	
<p><b>2</b> Ou gen dwa pou gade silans</p> 	<p><b>4</b> Toujou mache avèk idantifikasyon US ak kopi dokiman imigrasyon sou ou.</p>	
<p><b>5</b> Pa janm mache avèk fo dokiman oswa dokiman lòt peyi sou ou.</p>	<p><b>8</b></p> <p>Pa janm kouri le gen yon debakman oswa lè yon ofisye apwoche w.</p> 	
<p><b>6</b> Pa janm bay ofisye yo manti.</p>	<p><b>9</b></p> <p>Pa janm batay si yo arete w oswa mete w an gadavou.</p> 	
<p><b>7</b> Ou gen dwa pou pale avèk avoka w</p>	<p><b>10</b></p> <p>Ou gen dwa refize siyen okenn papye pa anvan w pa pale avèk avoka w.</p>  <p><b>11</b></p> <p>Si w nan men polis oswa an gadavou, pa diskite enfòmasyon sou estati imigrasyon oswa dosye kriminel ou avèk OKENN MOUN apa de avoka w.</p> <p><b>12</b></p> <p>Si yo fin entèwoje w oswa ou te nan yon pèkizasyon, ekri tout sa ki te pase an detay lè w santi an sekirite pou fè sa. Rakonte sa ba avoka w ak gwoup sipò w menm touswit.</p>	



## Lakay

- PA LOUVRI PÒT LA. Mande pou ID (gade atravè yon fenèt).
- Ofisye yo ka rantre sèlman avèk yon manda valab oswa avèk pèmisyon w.
- Mande pou w wè yon manda. Si li pa valab, mande ofisye a pou l ale.
- Si ofisye a rantre (ak oswa san yon manda valab) di ou pa konsanti. Di yo si w genyen timoun, granmoun oswa moun malad nan kay la.



## Lari/Epas piblik

- Pa kouri.
- Anvan w di anyen (tankou non w) mande “Èske m lib pou m ale?”
- Si wi, deplase dousman. Si non, pa deplase.
- Nan kèk eta, ou dwe bay non w.
- Si yo ap fouye w, rete kalm epi di konsa “mwen pa konsanti pou fouy sa a”



## Travay

- Ofisye yo ka rantre sèlman avèk yon manda valab oswa avèk pèmisyon patwon w.
- Gen yon plan ijans avèk yon kòlèg (gade paj 18).
- Si patwon w pa disponib oswa te bay pèmisyon pou ofisye yo rantre, konnen Kiyès ki pral pale ak ofisye yo. Moun sa a ta dwe mande pou idantifikasyon avèk yon manda.
- Si yo ta ap fouye w, rete kalm epi di konsa, “mwen pa konsanti ak fouy sa a”



## Oto

- Mete machin nan a kote epi etenn li. Mete men w sou volan machin nan.
- Swiv tout enstriksyon ofisye yo epi bay lisans ou, papyè anrejistreman machin nan ak papyè prèv asirans. Pa bay fo dokiman oswa manti.
- Si ofisye a mande w pou fouye machin ou an, rete kalm epi di “Mwen pa konsanti pou yon fouy”



## Prizon/Polis

- Mande pou w telefòn avoka w oswa kontak ijans ou.
- Sèvi ak kat Konnen Dwa w yo. Sonje dwa w pou gade silans epi di ou pap siyen okenn papyè pa avan ou pale avèk avoka w.
- Mande yon kopi tout papyè avoka w soumèt bay jij la kòm pati dosye w.



## Sant Detansyon Imigrasyon

- Mande pou w telefòn avoka w oswa kontak ijans ou ak konsila a.
- Sèvi ak kat Konnen Dwa w yo. Sonje dwa w pou gade silans epi pou refize siyen okenn papyè pa avan ou pale avèk avoka w.
- Mande yon kopi tout papyè avoka w soumèt bay jij la kòm pati dosye w.
- Mande pou yo lage sou kosyon.

# Kat Konesans Sou Dwa W Yo

## Enstriksyon sou kijan pou sèvi ak kat Konesans Sou Dwa W Yo

1. Koupe toude kopi kat la. Pliye yo a mwatye.
2. Asire w ou ranpli toulède kat yo avèk non avoka ak nimewo telefòn avoka w.
3. Kenbe toulède kopi kat la avèk ou toutan. Si w montre ofisye imigrasyon oswa lapolis kat sa a, yo ka pran kat sa a epi yo pa ba ou li ankò. Se sak fè li enpòtan pou mache avèk de kopi kat la toutan.
4. An ka ta genyen yon debakman oswa entè-aksyon avèk ofisye imigrasyon oswa lapolis, sèvi avèk kat sa a pou ede w sonje epi pou ka egzèse dwa w.
5. Genyen yon deklarasyon nan devan kat sa ki di ou gen dwa pou gade silans. Si w ap kominike ak yon ofisye imigrasyon oswa lapolis, ou ta dwe sonje nenpòt bagay ou di kapab sèvi kont ou. Se dwa w pou gade silans. Pou egzèse dwa w pou gade silans, montre ofisye yo yon kopi kat sa oswa li deklarasyon an byen fò. Ou pa oblije di deklarasyon an motamo, men ou dwe fèk yo konnen se dwa w w ap egzèse pou gade silans.
6. Nan dèyè do kat la, w ap wè yon list dwa w genyen yo. Li yo souvan. Prepare w.
8. Pou pwoteje tèt ou, APRANN enfòmasyon an ki nan kat la PAKÈ.

### MWEN AP EGZÈSE DWA M POU M GADE SILANS

Tanpri konnen mwen chwazi pou egzèse dwa m pou gade silans. Mwen ap egzèse dwa mwen pou refize siyen anyen pa avan avoka revize li. Si w kenbe m nan prizon, mwen mande pou kontakte avoka m tout suit. Enfòmasyon sou kontak avoka m se:

Non

Telefòn

#### Mwen konnen ...

- 1 Mwen gen dwa. Mwen gen diyite. Mwen pa pou kont mwen.
- 2 Mwen gen dwa pou pale avèk avoka m.
- 3 Mwen gen dwa pou refize siyen nenpòt bagay avan avoka m revize li.
- 4 Nenpòt sa mwen di kapab sèvi kont mwen.
- 5 Mwen gen dwa pou m gade silans nan TOUT sitiyaasyon.
- 6 Mwen ka montre ofisyèl kat sa oswa di byen fò mwen ap gade silans.

### MWEN AP EGZÈSE DWA M POU M GADE SILANS

Tanpri konnen mwen chwazi pou egzèse dwa m pou gade silans. Mwen ap egzèse dwa mwen pou refize siyen anyen pa avan avoka revize li. Si w kenbe m nan prizon, mwen mande pou kontakte avoka m tout suit. Enfòmasyon sou kontak avoka m se:

Non

Telefòn

#### Mwen konnen ...

- 1 Mwen gen dwa. Mwen gen diyite. Mwen pa pou kont mwen.
- 2 Mwen gen dwa pou pale avèk avoka m.
- 3 Mwen gen dwa pou refize siyen nenpòt bagay avan avoka m revize li.
- 4 Nenpòt sa mwen di kapab sèvi kont mwen.
- 5 Mwen gen dwa pou m gade silans nan TOUT sitiyaasyon.
- 6 Mwen ka montre ofisyèl kat sa oswa di byen fò mwen ap gade silans.

*Pliye*

# Gid Plan Dijans

**Plan dijans pou:** \_\_\_\_\_

- Chèche yon avoka oswa reprezantan otorize k ap vini ede w an ka yon ijans. Asire w pou pale avèk yon avoka oswa reprezantan otorize. Pa jis ekri nimewo telefòn nan san w pa asire w moun lan ap kapab ede w.
- Fè yon avoka oswa yon reprezantan otorize evalye dosye w pou detèmine si w elijib pou yon lòt estati imigrasyon.
- Anrejistre nan konsila lokal ou.
- Anrejistre epi fòme relasyon avèk legliz ou, pawas oswa lòt sant relijye ak kominotè.
- Prepare yon plan fanmi konsènan ki sa ki pou fèt an ka yon yo ta arete yon manm fanmi w, fèmèn nan prizon oswa disparèt.
  - Deside Kiyès pou yo rele epi nan òd.
  - Nan kèk eta, lalwa mande pou w bay polis non w. Chèche konnen si li obligatwa pou bay non nan eta ou a. Prepare yon plan konsènan ki sa w ap fe si yo mande w non ou. Konsidere si w pa bay non w sa ka lakòz yo arete w oswa kenbe w. Lè w pa bay non w sa ta ka fè li difisil oswa enposib pou fanmi w jwenn kote w nan detansyon oswa kote w nan gadavou nan men polis. Pale avèk yon avoka konsènan ki sa pou w fè nan sitiyasyon patikilye a ou menm.
- Fè kopi tout papye imigrasyon w ak lòt papye enpòtan w pou tout manm fanmi lan. Mete nan yon kote ki gen sekirite. Asire w ou yon zanmi ou fè konfyans, manm fanmi w ki pa viv nan menm kay avèk ou oswa yon manm nan kominote konnen kote ou sere papye sa yo oswa fè kopi papye sa yo pou yo kenbe pou ou.

*Lis paye ki enpòtan yo:*

- Otorizasyon travay
- Kopi papye idantite
- Paspò
- Kopi tout lòt papye imigrasyon, tankou resi avi pou ka ki ankou ak avi apwobasyon pou petisyon fanmi.
- Batistè (avèk translasyon an angle)
- Sètifika maryaj (avèk translasyon an angle)
- Kat Sekirite Sosyal
- Dokiman ki gen rapò ak dosye kriminel oswa arestasyon
- Non ak enfòmasyon kontak pou avoka yo ki te konn reprezante w anvan
- Lot enpòtan enfòmasyon tankou yon lis medikaman manm fanmi konn pran

- Deside kiyès ki pral pran swen pitit ou yo an ka ijans. Asire w moun sa a konnen enfòmasyon enpòtan sou pitit ou, tankou medikaman yo bezwen. Pale avèk avoka w pou wè si w dwe siyen kèk dokiman legal (tankou yon dwa pwokirasyon legal) pou asire w pitit ou nan swen an ka yon ijans. Asire w pitit ou yo ki te fèt Ozetazini genyen paspò yo.
- Pale avèk avoka w konsènan siyen yon dwa pwokirasyon legal. Yon dwa pwokirasyon legal pèmèt yon moun ou fè konfyans pran desizyon konsènan finans, pitit ou yo epi ak lòt bezwen yo si yo ta mete w nan prizon oswa depòte w.
- Sere lajan pou lwaye, manje, medikaman ak lòt bezwen si w ta nan prizon. Pale avèk avoka w oswa patwon w konsènan siyen yon dokiman k ap pèmèt yon manm fanmi w pran chèk pewòl w si yo ta kenbe nan prizon.
- Mande yon fanmi, zanmi oswa manm kominote a pou peye kosyon pou ou si yo kenbe nan detansyon. Moun sa dwe yon sitwayen ameriken oswa yon pèmanan rezidan (genyen grinkat). Yon kosyon pou yo lage w nan detansyon nan imigrasyon koute nòmalman \$1,500, men li ka pi plis. Nan pifò ka, kou dosye imigrasyon w fini, y ap retounen lajan kosyon bay.
- Revize gid sa a epi plan ijans ou avèk tout manm fanmi w. **ASIRE W TOUT MOUN NAN FANMI W KONNEN DWA YO.** Ou ta dwe fè repetisyon egzakteman sa w ap di ak fè an ka ou ta nan entè-aksyon ak yon ofisyè.

### **Enfòmasyon ou dwe konnen pakè**

- Nimewo telefòn avoka w ( epitou mache ak yon kopi nimewo telefòn avoka w sou ou toutan)
- Nimewo telefòn konsila w ( epitou mache ak yon kopi nimewo telefòn konsila w sou ou toutan)
- Nimewo telefòn manm fanmi yo
- Nimewo Rejistrasyon Aliyen ou/A# (nimewo dokiman imigrasyon an) si l aplikab
- Day ou te rantre Ozetazini
- Eitati imigrasyon w lè te rantre Ozetazini
- Eitati imigrasyon aktyèl ou
- Istwa dosye kriminel ou—tankou arestasyon, akizasyon, rezilta (koupab oswa inosan) ak dat yo

## Fèy papye kontak ijans

*Asire w tout manm fanmi w gen aksè a enfòmasyon sa a.*

### Avoka/Reprezantan otorize

Non: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

### Konsila

Non: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

### Òganizasyon relijye oswa Kominotè

Non: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Lòt yo: \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Lòt yo: \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Lòt yo: \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_



## Sant Detansyon ak Pòs Polis

*Asire w tout manm fanmi w gen aksè a enfòmasyon sa a.*

Sistèm Enfòmasyon Tribinal Imigrasyon (pou enfòmasyon sou odyans ak dat tribinal yo): 1-800-898-7180

Sistèm Lokalizatè Detansyon ICE: [locator.ice.gov](http://locator.ice.gov)

Lokal Sant Detansyon Imigrasyon \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Lokal Sant Detansyon Imigrasyon: \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Lokal Pòs Polis: \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Lokal Pòs Polis: \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

---

### Kesyon pou poze si yon moun ou rele w panda l an detansyon oswa nan men Polis:

*Asire w pou anrejistre repons ou yo avèk anpil atansyon epi avèk plis detay posib.*

- Èske w bezwen atansyon medikal?
- Ki ajans otorite ranfòsman Lwa ki te arete ouwa mete w nan detansyon?
- Ki kote w ye?
- Ki pi gran vil ouwa vilaj ki pi pre w?
- Ki papyè yo te ba ou epi kisa papyè di?
- Èske ou gen dat pou randevou ouwa odyans nan tribinal?
- Èske w pale avèk avoka w ouwa reprezantan otorize w?

## Lis Kontwòl nan pou Travay

- Revize enfòmasyon an ki nan gid sa a avèk yon kòlèg travay ou. Asire w tout moun konnen dwa yo. Sonje ofisye imigrasyon ka debake nan travay ou 1) avèk yon manda, oswa 2) avèk pèmasyon patwon w.
- Si w se yon manm sendika nan travay ou, pale avèk reprezantan sendika w konsènan kis aw ka fè pou pwoteje tèt ou ak kòlèg travay ou ki sou risk
- Si posib, pale avèk reprezantan sendika w pou ka prepare yon akò avèk patwon w. Yon akò ta ka gen ladan li:
  1. Patwon pa pral pèmèt ofisye imigrasyon pou rantre nan travay la san yon manda valab.
  2. Patwon pral notifiye sendika a si otorite imigrasyon kontakte patwon an.
  3. Patwon an pral pèmèt sendika a pou vini avoka oswa defansè imigrasyon nan travay la pou ede anplwaye yo avèk kesyon epi pou prepare yo an ka yon ijans.
  4. Patwon an pa pral bay polis oswa ofisye imigrasyon okenn non, adrès oswa okenn enfòmasyon imigrasyon an, amwenske se lalwa ki oblije sa.
  5. Patwon an pa pral sèvi ak pwogram verifikasyon nan konpitè pou gade enfòmasyon sou imigrasyon anplwaye.
- Prepare yon plan konsènan kisa pou fè an ka ta genyen yon pèkizasyon. Pa egzanp, li ta preferab pou tout moun ta dakò pou gade silans epi pou yo pa kouri.
- Patwon w ta dwe responsab pou pale avèk ofisye yo pandan yon pèkizasyon. Nan ka patwon w pa ta la pandan yon pèkizasyon oswa patwon w te bay ofisye yo pèmasyon pou rantre, eli yon reprezantan (yo) pou mande ofisye yo pou idantifikasyon epi pou verifiye kèlkeswa manda yo prezante avèk yo.
- Asire w moun sa a konnen kòman pou li yon manda epi kisa yon mande dwe genyen ladan l/ Sèvi avèk enfòmasyon an konsènan manda ki nan gid sa a pou ede prepare.